

Lèt Referans pou Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)

Pou anplwaye nan Biwo SSA: Itilize EV-STAR epi gade nan POMS RM 10245.005ff

| | | | |
|---|--|---------------------------|--|
| Non anplwaye a | | Prenon anplwaye a | |
| Nimewo sekirite sosyal anplwaye a | | Mwa/Ane nesans anplwaye a | |
| Dat yo refere ka a nan SSA | | Nimewo verifikasyon ka a | |
| <p>Rezon ki fè yo bay Lèt Referans sa a:</p> <p><input type="checkbox"/> Nimewo SSN lan pa koresponn: Non an ak/oswa dat nesans yo antre pou anplwaye sa a pa koresponn ak sa ki nandosye Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) yo.</p> <p><input type="checkbox"/> Nimewo SSN lan pa valid: Nimewo Sekirite Sosyal yo antre nan E-Verify la pa valid selon dosye ki nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) yo.</p> <p><input type="checkbox"/> SSA pa kapab konfime estati sitwayènte ameriken lan: Estati sitwayènte ke yo seleksyone pou anplwaye sa a pa koresponn ak sa ki nan dosye Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) yo.</p> <p><input type="checkbox"/> Dosye SSN lan pa verifiyab, oswa gen yon lòt rezon: Administrasyon Sekirite Sosyal la jwenn yon erè nan dosye anplwaye sa a.</p> <p><input type="checkbox"/> SSA pa kapab trete done yo: Administrasyon Sekirite Sosyal la jwenn yon erè nan dosye anplwaye sa a.</p> | | | |

Enstriksyon pou patwon an

ENPÒTAN

Anplwaye a dwe siyen epi mete dat la pi ba a.

1. Revwa Lèt Referans sila a (an prive) avèk anplwaye a leplito ke posib.
2. Asire ke non, nimewo sekirite sosyal ak mwa/ane nesans lan ki make sou anlè Lèt Referans sa a, kòrèk. Si enfòmasyon sa a pa kòrèk, ou dwe fèmen ka sa a nan sistèm E-Verify la epi se pou kreye yon nouvo ka avèk enfòmasyon ki kòrèk la.
ENPÒTAN: Si anplwaye a pa konn li, ou dwe li Lèt Referans sila a pou anplwaye a. Si anplwaye a pa fin konprann Angle twò byen, epi li pale Panyòl, Chinwa, Kreyòl-ayisyen, Japonè, Koreyen, Ris, Tagalòg, oswa Vyetnamyen, ou dwe bay anplwaye a Lèt Referans sa a ki ekri nan youn nan lang sa yo, ke w ap jwenn nan 'View Essential Resources (Egzamine Resous Esansyèl yo)'.
3. Oumenm ansanm avèk anplwaye a nou dwe siyen epi mete dat la sou lèt sila a nan espas yo bay pi ba a.
4. Bay anplwaye a yon kopi Lèt Referans sa a ki ekri nan lang Angle e ki siyen epi anekse yon kopi nan Fòmilè I-9 anplwaye a. Fè anplwaye a konnen ke se pou l pote Lèt Referans sa a lè li prale nan youn biwo SSA.

Ranpli tout seksyon ki vid yo pi ba a.

| | |
|-------------------------------------|-----|
| Non Patwon an | |
| Non Repezantan patwon an | |
| Nimewo Telefòn Repezantan Patwon an | |
| Siyati Repezantan Patwon an | Dat |
| Siyati Anplwaye a | Dat |

Enstriksyon pou anplwaye a

Pou ki rezon ou resevwa Lèt Referans pou Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) sa a

Patwon w lan patisipe nan E-Verify, yon pwogram Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security: DHS) ak Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration: SSA) jere. E-Verify konpare enfòmasyon ou te bay sou Fòmilè I-9, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification), avèk enfòmasyon ki nan dosye gouvènman an, pou verifye ke w otorize pou travay nan peyi Etazini.

Patwon w lan ba w Lèt Referans sa a paske E-Verify endike ke enfòmasyon yo antre nan E-Verify la apati de enfòmasyon ki sou Fòmilè I-9 ou an pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye SSA yo. Ou te resevwa yon 'Avi pou anplwaye konsènan Non-konfimasyon pwovizwa SSA' e ou te deside konteste l. Sa pa vle di ke ou bay patwon w lan enfòmasyon ki pa kòrèk sai pa vle di nonplis ke ou pa otorize pou w travay nan peyi Etazini.

Yon Non-konfimasyon pwovizwa SSA ka rive, si:

- Eitati sitwayènte oswa estati imigrasyon w chanje depi w resevwa nimewo sekirite sosyal ou.
- Ou pat rapòte bay SSA ke w te chanje non w.
- Non w, nimewo Sekirite Sosyal ou oswa dat nesans ou te mal anrejistre nan dosye SSA yo.
- Gen yon lòt kalite erè nan enfòmasyon ki pa koresponn nan dosye SSA w la.
- Patwon w lan pat antre enfòmasyon w lan kòrèkteman nan E-Verify.

Sa ou dwe fè

1. Asire ke non, nimewo Sekirite Sosyal ak mwa/ane nesans lan ki make nan premye paj Lèt Referans sa a, kòrèk. Fè patwon w lan konn sa imedyatman si gen enfòmasyon ki pa kòrèk.
2. Ou dwe ale nan yon biwo SSA sou **8 jou ouvrab gouvènman federal rekonèt kòm jou travay** apatide dat ki nan Lèt Referans sa a, avan le / / (**JJ/MM/AAAA**), pou rezoud ka w la.

Pou w lokalize yon biwo SSA, ale sou sit entènèt la nan www.socialsecurity.gov/locator oswa rele SSA nan 800-772-1213 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 800-325-0778). Si w abite yon kote ki pa gen yon Sant pou Kat Sekirite Sosyal, yo ka mande w ale nan Sant Kat (Card Center) a.

Patwon w lan pa ka pran okenn mezi negatif kont ou akòz de desizyon w pran pou konteste yon TNC oswa pandan ka w la annatant nan SSA. Mezi negatif yo enkli: revoke w oswa mete w nan sispansyon, pa peye w oswa pa ba w fòmasyon, retade dat ou kòmanse travay la oswa mete kèlkeswa limit sou travay ou.

3. **Pote Lèt Referans sa a lè w prale nan biwo SSA a.**
4. Pote dokiman **orijinal** sila yo nan biwo SSA, si w genyen yo. SSA dwe egzamine:
 - a. Prèv sou **laj** ou; pa egzanp, yon batistè, oswa paspò
 - b. Prèv sou **idantite** w; pa egzanp, yon lisans chofè yon Eta Etazini emèt
 - c. Prèv sou yon **chanjman legal non** w; pa egzanp, Ak-maryaj, si ou chanje non w depi dènye fwa ou te resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou ak
 - d. Prèv sou **estati otorizasyon travay** ou:
 - Si w se yon sitwayen Ameriken: prèv sou **sitwayènte Ameriken** ou, pa egzanp, yon Sètifika Natiralizasyon, yon batistè piblik ameriken, oswa yon paspò ameriken, oswa
 - Si w pa yon sitwayen ameriken: prèv sou **estati otorizasyon travay ou kòm yon etranje legal**, pa egzanp, yon Kat Rezidan Pèmanan (Fòmilè I-551 oswa "grinkat"), Dokiman Otorizasyon Travay (Fòmilè I-766), oswa Dosye Arive-Depa (Fòmilè I-94) ki montre estati otorizasyon travay.
5. **Lèt Referans sa a enpòtan** – sere yon kopi nan dosye w.
6. Fè patwon w lan konn sa touswit si nenpòt nan enfòmasyon ou bay la chanje lè w fin ale nan biwo SSA a konsa patwon w lan va mete dosye l yo ajou.

Si w bezwen plis enfòmasyon

Pou kontakte SSA, rele nan 800-772-1213 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 800-325-0778) oswa ale sou sit entènèt SSA a nan www.socialsecurity.gov. Pou jwenn yon biwo SSA ki pre w, ale sou sit entènèt la nan www.socialsecurity.gov/locator.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou E-Verify, ak enfòmasyon sou règleman nou yo konsènan enfòmasyon prive ak règ pwogram nouyo, ale sou sit entènèt la nan www.dhs.gov/E-Verify.

Rapòte vyolasyon

Si w kwè ke patwon w lan pa respekte règ E-Verify yo, oswa ke li te diskrimine kont ou oswa li te trete w defason enjis, n ap ankouraje w pou rapòte sityasyon sa a. Pou w rapòte ke patwon w lan abize sistèm E-Verify la, ke li pa respekte règleman sou enfòmasyon prive, oswa si w gen plent jeneral sou E-Verify, kontakte Liy Asistans E-Verify pou anplwaye yo nan 888-897-7781 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 877-875-6028) oswa voye yon imèl nan E-Verify@dhs.gov.

Pou rapòte diskriminasyon nan travay ki baze sou kondisyon sitwayènte, kondisyon imigrasyon, orijin natif natal, oswa lòt abi nan sistèm E-Verify la, kontakte Depatman Lajistis, Seksyon Dwa Sivil, Biwo Konsèy Espesyal pou Pratik Enjis nan afè Travay ki gen pou wè ak Imigrasyon (Department of Justice, Civil Rights Division, Office of Special Counsel for Immigration Related Unfair Employment Practices) nan 800-255-7688 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 800-237-2515). Si w bezwen plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt Biwo Konsèy Espesyal la nan www.justice.gov/crt/osc.